



**Lave
men
w**



**Lave
men
w**



**Lave
men
w**



**Lave
men
w**



**Lave
men
w**

**Lave men se solisyon ki
pran 20 segonn pou
pwoteje tèt ou kont
plizyè maladi.**

Kifè sonje pou :

Sèvi ak savon

Lave souvan

Lave pandan yon ti tan



**Se men ^{Pwòp}
ou yo ki responsab
pou w gen bon sante.**



Pou plis enfòmasyon sou lave
men, tanpri rele Massachusetts
Department of Public Health
(MDPH), Division of Epidemiology
and Immunization nan
617.983.6800 oubyen ale nan sit entènèt MDPH
la nan www.mass.gov/handwashing do MDPH.

Handwashing Brochure - Haitian Creole
Mwa avril 2004

Enprime sou papye resiklè

**Ki mwayen
pi senp yo
pou pwoteje
tèt ou kont**

refwadisman ?

lagrip ?

dyare ?

Epatit A ?

SARS?

Poukisa


Se men ki pa lave oubyen ki pa byen lave ki koze anpil sezon maladi ki soti nan manje.

Estènen ak touse ka pwopaje jèm refwadisman nan lè, menm pifò ka refwadisman trape e pwopaje nan jèm sou men moun.

Jèm ki koze lagrip, SARS, epatit A ak anpil kalite dyare diferan ka trape e pwopaje nan men w.

Si jèm sa yo sou men w, e si w manyen bouch ou oubyen nen w pou manje, estènen oubyen touse li ka fè w malad.

Si w touche yon pwayè pòt, peze yon bouton pou asansè, kenbe yon poto nan transpò piblik oubyen bay lanmen ou ka pwopaje jèm bay lòt moun.



Sipoze si w gade men w ki pa lave nan mikwoskop. Kisa w ta wè kap pouse la ?

Lé

Toujou lave men w

anvan ou

- manyen oubyen sèvi manje
- manje oubyen bwè
- mete oubyen wete kontak je
- panse yon blesi, grafouyen, briil oubyen zanpoul
- pran swen yon moun malad

apre ke ou

- fè bezwen
- ede yon lòt moun fè bezwen
- chanje yon kouchèt (pa bliye lave men tibebe a tou.)
- touse, estènen, mouchè nen w oubyen swiye nen yon timoun
- manyen manje ki pa kwit, sitou vyann wouf, poul, pwason ak ze ki pa kwit
- manyen fatra
- touche zannimo – sitou reptil - oubyen netwaye dechè zannimo
- pran swen yon moun malad oubyen blese
- pran transpò piblik

Kijan

Lave men w se yon leson nou tout aprann lè n timoun, men lè n okipe oubyen prese, nou gen tandans fè li vit oubyen n bliye fè li. Nou kwè n gen men pwòp, men yo pa pwòp si n pa fè l byen.

Li pa vle di men n lave lè n rense yo sèl, sa rele mouye yo. Fò w sèvi ak savon pou yo ka lave.

Si w fwote yo vit, menm ak savon, li pap fè men w pwòp, e detwa minit sa yo ka fè w malad pi devan.

Pou ka sèten men w vreman pwòp, fwote pla menm w, fant dwèt, do men ak anba zong ou pandan owmen 20 segonn.

Apre ou fin rense men w, seche yo ak yon sèvyèt papye. Sèvi ak menm sèvyèt papye a pou fèmen wobinèt dlo a e pou louvri pòt twalèt la.

Sèvi ak savon nòmal. Savon anti-bakteri pa nesesè. Savon sa yo touye bakteri, men savon anti-bakteri ka kontribye nan pwoblèm rezistans kont anti-byotik kap vin pi mal de jou an jou.



Men mouye



Mete savon e fwote pandan 20 segonn



Rense



Seche ak sèvyèt papye



Sèvi ak sèvyèt pou fèmen wobinèt la

Pwòp
Se men ou yo ki responsab pou w gen bon sante.